

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throwaway this bad sickness comot for our country.

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

Government don reduce the lockdown again

On June 29, President Muhammadu Buhari approve make them continue phase II of the relaxing of lockdown, from June 30 to July 27. The presidential task force wey dey handle any matter concerning COVID-19 talk say dem do am because they need time make dem confam the progress wey dem don make before dem comot the restrictions finally. The task force announce say dem don add some measures, and na dem be dis:



Schools fit open but only for students wey dey Primary 6, JSS3 and SS3, so dem fit prepare for exams make dem graduate.



Pipo go fit dey travel from state to state from July 1, but for only time when curfew no dey.



Pipo go fit use plane fly from state to state.

Lockdown command wey go continue be dis:



Curfew still dey from 10pm to 4am



Pipo no fit gather plenty or play sport



Everybody must to use facemask when dem dey for public place; pipo wey no wear mask no fit enter government offices and business offices.

COVID-19 money and how dem take spend am

After CBN don make appeal for donations, plenty public and private institutions don donate to the Federal Government make dem fit tackle COVID-19, and na hin dem dey call COVID-19 relief fund. As of April 18, 107 Nigerian companies and big big Naija pipo don donate 25.8 billion Naira to government, according to Central Bank of Nigeria. The biggest donors na CBN and Alhaji Aliko Dangote wey contribute 2 billion Naira each.



N25.8Bn

Na hin 107 Nigerian companies and big big Naija pipo don donate as of April according to Central Bank of Nigeria.



N???

The questions wey citizens dey ask na: **“How dem dey spend these monies?”** The government fit dey open and give us correct report on how dem dey manage this money wey our big pipo don donate?

One private sector group wey dem call Coalition Against COVID-19 (CACOVID) don dey make CEOs and celebrities spread awareness about how everybody fit end this pandemic; dem dey also work make dem raise 120 billion Naira. Some of the things wey CACOVID don do be this:



Food relief palliatives

CACOVID keep 23 billion naira for one side make dem use buy food for 1.67 million households, so dem go feed 10 million Nigerians wey dey vulnerable. The plan na to buy the food direct from the manufacturer give Nigerians wey dey all the 774 local governments.

Continues on last page

YEYE TORI



Face masks go make you lose ability to smell

If you spray disinfectant for inside your nose, e go protect you from COVID-19

You fit use face shield leave face mask

Air conditioner fit protect pesin from coronavirus

Antibiotics go prevent and treat COVID-19

VS



TRUE TORI


No evidence dey wey talk if you wear face mask, e go make you no lose ability to smell. Research don show say by the third day when person don get the virus, e dey possible for am to lose ability to perceive both perfume, smoke and odour. NCDC don talk say if person no fit taste or smell, na symptom of coronavirus infection. E dey advisable make you call healthcare provider if you dey show any of these symptoms.

E dey dangerous to dey spray any kain disinfectant for your nose; e fit poison you, damage your body. If you do am because you no fit smell anything again, e no go work. Na only on top surface like table, chair, floor you suppose dey use disinfectants.

Healthcare workers dey wear face shield make cough droplets no reach their face or eyes as dem dey attend to patients wey get COVID-19. But e no dey enough to protect them well. Face shield dey only protect face, but face mask go halt the cough water.

Air conditioner no fit protect pesin from COVID-19; e dey important make places wey pipo dey share get good ventilation. Rooms wey no get vent or outlet like window go dey cause pipo to dey breathe the same air wey other pipo for the room dey breathe. One research wey dem do for China don link COVID-19 with air conditioning.

Antibiotics no dey work against virus, na only bacteria dem fit fight. Dem fit give COVID-19 patients for hospital antibiotics to treat other bacteria infection wey dey lungs. E dey important make pesin no take drugs wey doctor no prescribe. WHO don warn us say you fit get higher resistance to bacteria if you overuse antibiotics for COVID-19.



Isolation centres

CACOVID use reported budget of 1 billion naira take donate equipped isolation centre wey get 150 bed to Mainland Infectious Disease Hospital for Yaba. Dem come donate another isolation centre wey get 66 beds for Kano, wey dem carry give Kano state government.

CACOVID don also upgrade one specialist hospital wey dey Sobi, Kwara State to 100-bed capacity. come develop one equipped isolation centre for Port Harcourt. Dem donate 65-bed treatment centre for Abeokuta and also donate beds and equipment to government of Enugu state and Abia state.

Finally, CACOVID bin partner with Thisday and Arise Media group and others come transform ThisDay Dome wey dey Abuja into 360-bed centre for isolation and treatment. Other isolation centres wey dem donate na one wey dey for Lafia North, Nassarawa State, Stella Obasanjo hospital wey dey Edo State, Odukpani Isolation centre for Calabar, isolation centre for Ekiti , and anoda one for Bauchi.




Contact Tracing

CACOVID dey fund part of the surveillance Outbreak Response Management and Analysis System (SORMAS), and dem dey pay for logistics cost of ambulances and movements of patients.



COVID-19 screening tool

CACOVID don launch screening tool wey dey show questionnaire for pipo wey use am to sabi the kain symptoms dem get and recommend whether dem go isolate and maintain good hygiene or go the response centre wey dey their area. The screening tool dey for NCDC website.



Testing kits

CACOVID don order 650, 000 molecular testing kits to take ramp up testing for Naija and even test patients wey no dey show sign say dem get the virus.



Advocacy and Public enlightenment

CACOVID don host different advocacy and dem dey make effort to enlighten pipo on top the coronavirus matter.

CORONAVIRUS UPDATE FOR NAIJA AT AS TODAY - 15/07/2020

33,616

CONFIRMED CASES

754

DEATHS

13,792

RECOVERED

186,309

TESTED